*Prabu Anom bungahna kaliwat
saking, dina galih.
kocap ratu sepuh tea,
lajeng naros ka putrana prabu
anyar*

700. "Duh, anakku Prabu Anom,
kepada yang duduk,
Ama tidak tahu betul,
siapa ini yang duduk di kursi
goyang.

*Duh kakang putra Prabu Anom
nagri, anu linggih-linggih,
bet ama lepat teu terang,
ieu saha anu linggih na korsi
goyang.*

701. Prabu Anom berkata kepada
ayahnya
sambil menghormat,
"Kaula nun Ayahanda Raja,
ini adalah satria yang menderita.

*Prabu Anom ke ramana pok
ngalahir
bari tadim,
"Kaula nun Rama,
nun sumuhun ieu satria
sangsara.*

702. Asalnya saya bermimpi;
ada seorang kakek,
satria sedang sengsara,
sedang bersedih, tulus setia
kepada istrinya.
- Waktu asal kuring ngimpi;
aya aki-aki,
satria eukeur sangsara,
keur ka sengsrem bela tumutur
ka garwa.*
703. Kakaknya sama dengan "aceuk
putra gusti".
Pada waktu bermimpi,
harus dirawat oleh saya
maka oleh saya diumpan sampai
dapat."
- Rakana teh sami aceuk putra
gusti.
waktu ngimpi,
ku kuring kudu dirawat
nya ku abdi dieupanan garhanu*
704. Raden Patih tertegun sewaktu
mendengar,
teringat dalam hati,
lalu berkata dalam hati,
"Saya telah menyia-nyiakannya.
- Raden Patih ngahuleng
barangna nguping,
emut kanagalih,
nyaur salebeting kalbu,
bet ku aing dilalaworakeun
teuing.*
705. Tidak disangka ternyata satria
yang menyamar."
Semua yang mendengar,
takjub dan memuji raja,
Prabu Anom lebih tahu kepada
satria.
- Hanteu nyana satria anu
nyanglinging."
Sadaya nu nguping,
ewed jeung muji ka raja,
leuwih awas Prabu Anom ka
satria.*
706. Nyai Putri tersenyum pada waktu
mendengar,
begitu pun para bupati,
tertegun takjub semuanya,
singkatkan ceritera tentang
satria.
- Nyai Putri imut barangna
nguping,/125/
jeung eta bopati,
ngahuleng ewed sadaya,
mangga bae satria gandang
carita.*
707. Kemudian Prabu Anom berkata
- Nya eta Prabu Anom pek marios*

kepada yang sedang duduk,
yaitu kepada Suryaningrat,
"Coba bagaimana sekarang
Suryaningrat?"

*kanu calik tea,
nyaeta ka Suryaningrat,
"Cing kumaha ayeuna
Suryaningrat?"*

708. Sungguh-sungguhkah sayang
kepada istri,
yaitu kepada Putri Ningrum?"
Suryaningrat lalu nyembah,
"Betul Tuan, seperti yang Tuan
ucapkan.

*Teges yakti bela teh eta ka
rai,
nya ka Ningrum Putri?"
Suryaningrat cong nyembah,
"Nun sumuhun, dawuh timbalan
gamparan.*

709. Kalau kata peribahasa,
seandainya
diganti dengan delapan putri,
saya tak lupa kepada Ningrum
Kusumah.

*Cek babasan teh mah nya jisim
kuring, saupamina,
digentos putri delapan,
moal paler abdi ka Ningrum
Kusumah.*

710. Kalau saya belum menemukannya
lagi,
biarlah saya begini;
sudah enak seperti ini,
merasa diurus oleh Tuan.

*Lamun tacan ku abdi kapanggih
deui,
jisim abdi tea;
sakieu abdi geus ngeunah,
keur ngarasa dibuluan ku
gamparan.*

711. Saya ingat tak akan lupa,
kepada istri saya,
kepada Putri Ningrum Kusumah,
selama masih hidup di dunia.

*Moal paler abdi teh eling,
garwa abdi tea,
ka Ningrum Kusumah Putri,
sabot aya keneh umur nya di
dunya.*

712. Patih tersenyum sambil berkata
lagi,
Putri pun mencubitnya,
"Kakang bohong."

*Patih imut jeung ngalahir deui,
Putri nyowitan,
"Ohong Engkang."*

Tertawalah semua yang berbicara, *ger gumujeng sadaya anu sasauran.*

713. Begitu pun seandainya sekarang,
jika Nyi Putri,
yaitu Enden Ratnawulan
dijadikan jodoh apakah cocok?" *Nya kitu deui ayeuna saupami,
mun Nyi Putri,
ieu Enden Ratnawulan,
dihayatkeun kira-kira?"*
714. Suryaningrat tersenyum sambil
berkata,
"Ini bagaimana,
seandainya saya pun mau,
sesuatu hal yang tidak mungkin." *Suryaningrat imut barina
ngalahir,
"Ari gusti eta,
najan abdi purun pisan,
kadinya mah sугan neureuy
buah loa."*
715. Oleh sebab itu, tertawalah yang
mendengarkan.
Nyai Putri pun
tersenyum sampai ke dalam hati,
"Nanti juga kamu akan
menggaulinya." *Ku kituna ger gumujeng nu
ngaruping.
Nyai Putri eta
gumujeng terus jeung manah,
"Da sia teh engke bakal
nganjutan."*
716. Prabu Anom berkata lagi,
"Coba Kakang sekarang,
bagaimana perasaanmu itu,
seandainya tiba Ningrum
Kusumah." *Prabu Anom pok ngalahir deui,
"Cing Engkang upami,
ayeuna manah engkang teh,
mun jol sumping rai teh
Ningrum Kusumah."*
717. Coba pikirkan di dalam hati
jika istrimu datang,
apa yang akan kau lakukan,
jawablah dengan sungguh-
sungguh Kakang Ningrat?" *Kumanahna engkang teh dina
lamun istri sumping, /126/
arek naon pakaulan,
coba nyaur Engkang Ningrat
masing enya?"*
718. Suryaningrat menyembah sambil *Suryaningrat nyembah bari*

menjawab,
 "Tuanku,
 tidak ada niat apa pun,
 hanya jika saya bertemu,

*matur deui,
 "Kaula nun Gusti,
 hanteu aya pakaulan,
 ngan upami kaula nun lamun
 pendak.*

719. Sudahlah bagaimana saya saja nanti akan senang sekali hati ini."
 Prabu Anom lalu berkata,
 "Percuma kalau begitu Kang Ningrat"

*Geus kumaha be engke kuring,
 suka ati pisan."
 Prabu Anom pek ngandika,
 "Eh bet cumah lamun kitu
 Kang Ningrat.*

720. Semula saya akan meramalnya.

Sekarang saya tahu benar,
 sekarang tidak jadi
 karena Kakang tidak sungguh-
 sungguh.

*Satadinamah ku abdi bade
 ditujum.
 Sidiknya ku kuring,
 ari ayeuna mah moal
 da teu enya Engkang teh nya
 pakaulan.*

721. Suryaningrat menyembah sambil berkata,
 "Baiklah Gusti, sekarang
 saya akan berbuat sesuatu (pesta).
 Akan tetapi, sebagaimana
 keinginan Tuan.

*Suryaningrat nyembah jeung
 bari ngalahir,
 "Duh Gusti, ayeuna
 adi seja pakaulan.
 Tatapina ku ma timbalan
 gamparan.*

722. Bagaimana baiknya Kanjeng Gusti; terserah Gusti saja.
 Waktu pestanya itu,
 saya menunggu perintah Tuan."

*Kuma galih eta Kanjeng Gusti;
 teu langkung jeng Gusti bae,
 Dina pakaulan mah,
 sim abdi ngantos lahiran
 gamparan."*

723. Rukmantara senyum sambil berkata,
 "Manis sekali,
 baik kalau begitu,

*Rukmantara inut barina ngalahir,
 "Serta manis pisan,
 sae ari mun kitu mah,*

tetapi nanti jika sudah ada.

*tatapina di mana engke geus
aya.*

724. Adinda Ningrum Putri nanti harus,
harus lebih kangen pada yang
baru."

*Tuang Rai Ningrum Putri engke
misti,
kudu sono kanu anyar."*

Terus berkata Suryaningrat
sambil nyembah

*mesem nyaur Suryaningrat
bari nyembah,*

725. "Baiklah terserah keinginan
Kangjeng Gusti.
Saya itu,
bagaikan yang sakit payah,
mendapat pertolongan Tuan.

*"Kaula nun langkung kersa
Kangjeng Gusti.
Jisim abdi mah,
sapertos nu gering payah,
mendak "lawaku" ti gamparan.*

726. Saya sudah sangat ingin bertemu,
akan senang sekali
berbulan madu dengan Ningrum,
tujuh hari tujuh malam tidak
terlewat."

*Geus hayang gok bae ieu jisim
kuring,
suka ati pisan
panganten jeung Ningrum tea,
tujuh poe tujuh peuting
moal elat."*

727. Tertawa semua yang mendengar,
senang hati sekali,
begitu pun Ratnawulan,
tersenyum manis sambil
menyanyi kinanti karena senang.

*Ger gumujeng sadayana anu
nguping,
suka ati pisan,
sareng eta Ratnawulan,
imut leleb nembang kinanti
ku suka.*

PUPUH KINANTI

728. Prabu Anom Erum berkata
kepada semua bupati,

*Prabu Anom Erum nyaur,
ka sadaya para bupati,*

"Sekarang saya saksikan,
hendak meramal jelas,
mau meramal kepada Raden
Ningrat
keadaan sekarang."

*"Ayeuna kuring saksian,
sumeja dek nujum sidik,
dek nujum Raka den Ningrat,
piayanaeunnana linggih."*

729. Semuanya menyetujui.
"Saya mau
mendengar kau,"
Prabu Anom kemudian berangkat,
Raja Putri dibawa
dengan Raden Suryaningrat.
Sudah sampai ke dalam gedung.

*Sadaya pada sumuhun.
"Adi sumeja
dek nguping."/127/
Prabu Anom lajeng angkat,
pek dicandak raja putri
sareng Raden Suryaningrat.
Ka jero gedong geus sumping.*

720.
Kemudian pintu kamar ditutup.
Prabu Anom lalu berkata,
"Kang Ningrat harus menurut,
duduk saja di luar;
saya mau tidur dulu
kira-kira setengah jam.

*Seug lawang pangkeng ditutup.
Prabu Anom pek ngalahir,
"Kang Ningrat kudu wayahna,
di luar bae caralik;
kuring arek sare heula,
kira satengah jam kuring.*

731. Kakang minta selimut,
kain milik Nyai Putri.
Raja Putri pun sudah
mengambilnya;
kain songket bergaris kuning
sudah diambil olehnya,
sambil berkata.

*Sareng engkang menta simbut,
eta sinjang Nyai Putri.
Raja Putri enggeus nyandak,
sinjang songket udat kuning
ku enggeus dicandak,
barina ngalahir.*

732. "Engkang Ningrat harus
menunggu
di luar dengan Nyai Putri,
Nanti saya mau meramal,
benar ini mau meramal."

*Engkang Ningrat mudu tunggu,
di luar jeung Nyai Putri.
engke kuring arek norah,
ieu arek nujum sidik."*

Suryaningrat mengiyakan,
kemudian pintunya dikunci,

*Suryaningrat hatur mangga,
jebrod pantona disosi,*

733. Oleh Nyi Raden Putri Erum,
Raja Putri terus berkata,
berbisik kepada Den Ningrat
beradu hidung dengan pipi,
"Yang tidur kita tunggu
Engkang sambil kita duduk.

*Ku Nyai Raden Putri Erum,
raja putri pek ngalahir,
ngaharëwos ka Den Ningrat,
aduh pangambung jeung pipi,
"Anu kulem urang antosan
Kakang, bari urang calik.*

734. Putri tersenyum sambil mencium,
"Tuan juga rasa ubi,
biar saja kalau hanya mencium,
tidak akan luka ini.
Mudah-mudahan saja jadi layak,
terpikat oleh saya.

*Putri imut bari nyium,
"Juragan ge hasa hui,
keun bae nyium bae mah,
da moal bohak saeutik.
Sugan bae jadi layak,
ka leugeutan ku sim kuring.*

735. Upah saya menggosok badan,
mencubit sedikit."
Suryaningrat lalu berkata,
"Mengapa begitu cengeng sekali,
kan tidak akan apa-apa,
nanti juga akan dimiliki."

*Kuring buruhan ngaruru,
putri jeung nyiwit caletit."
Suryaningrat pek ngandika,
"Na bet ku engesan teuing,
da moal matak kumaha,
engke ge bakal kamilik."*

736. Sewaktu sedang bercanda,
tersebutlah puteri yang sedang
di kamar.

*Barang keur hareureuy kitu,
kocap nu di pangkeng putri.*

Prabu Anom Rukmantara,
sedang mendandani diri;
pakaianya dibuka,
bekas dipakai tadi,

*Prabu Anom Rukmantara,
eukeur ngaluiskeun diri;
panganggona dicuculan,
urut karajaan tadi,*

737. Kemudian memakai sanggul
tergesa-gesa
sambil mengenakan selendang
turangga wilis;

*Garidus digelung punggul,
dikekemben turangga wilis;*

memakai baju sutera jenar.
kain songket berbaju kuning;
muncul wanita hilang sipat
prianya.

Jadilah Den Ningrum Putri.

738. Kemudian den Ratnaningrum,
terus memanggil Raja Putri,
dengan Suryaningrat,
"Cepatlah bukakan kunci,
sekarang saya,
akan meramal,
harus berbisik sedikit."

739. Suryaningrat tergesa-gesa,
dibukanya kunci itu.
Pada waktu pintu dibuka,
Ratnaningrum terus berkata,
"Kakang-kakang Suryaningrat,
inilah saya Putri Ningrum."

740. "Assalamuallaikum,
Ya kekasih saya datang."
Pada waktu terlihat oleh Ningrat,
putri itu pun dipeluknya.
Lemas seluruh tubuh Ningrat;
ia setengah tak sadar.

741. Dalam pelukan Ratnaningrum,
tak sedikit pun merasa risi,
Saking kagetnya,
Suryaningrat seperti bermimpi;
Ratnaningrum lalu berkata,
"Kakang, sambutlah saya segera!

*diraksukan sutra jenar.
sinjang songket baju kuning;
timbul istri leungit lanang.*

Janggelek Den Ningrum Putri.

*Geus kitu Den Ratnaningrum,
lajeng nyaaur Raja Putri,
sareng ka Suryaningrat,
"Engkang geura laan sosi,
ayeuna kuring
dek norah,/128/
kudu ngaharewos leutik."*

*Suryaningrat seug garidus,
geus dibuka eta sosi.
Barang dibuka pantona,
Ratnaningrum pek ngalahir,
"Engkang-engkang
Suryaningrat,
ieu abdi Ningrum Putri."*

*"Assalamuallaikum,
nya panutan kuring sumping."
barang katinggal ku Ningrat,
gabrug dirontok nyi putri.
Lesu salirana Ningrat;
satengah Raden teu eling.*

*Dina pangkon Ratnaningrum,
hanteu owah hanteu gengsi,
Bawaning katambiasan,
raso Suryaningrat ngimpi;
Ratnaningrum pek ngandika,
"Engkang geura aku kuring!*

742. Jangan terlalu lama.
Silahkan sambutlah saya."
Suryaningrat lalu bangkit,
"Duh Nyai, sungguh tak diduga.
Ratnaningrum permata hatiku,
Mustika di Banurungsit.
- Ulah lila-lila micung.
Geura bageakeun kuring."
Suryaningrat lajeng cengkat,
"Duh Nyai teu nyana teuing."
Ratnaningrum jimat Engkang,
Mustika di Banurungsit.*
743. Kuserahkan nyawaku.
Saya merasa tak baik hati.
Usaplah air mataku!
Begitu kangennya pada Nyai,
yang cantik yang ramping,
gembira sekali hati Kakang.
- Haturan nyawa sakelung.
Rumaos teu sae galih.
Cisoca engkang susutan!
Milu sumono ka Nyai,
nu geulis nu denok lenjang,
bungangang Engkang nya piki*
744. Tak dikira bertemu di Erum,
istri Kakang yang cantik,
patuh dan setia,
dari lahir sampai bathin.
Syukur alhamdulillah
memohon kepada Yang Maha
Kuasa
- Teu nyana tepang di Erum,
garwa Engkang anu geulis,
anu asih anu bela,
ti lahir dongkap ka bathin.
Alhamdudillah dimaksud,
neda-neda ka Yang Widi*
745. bertemu lagi dengan Enung.
Sekarang Kakang tidak sukar lagi,
menceritakan penderitaan,
dan sewaktu Kakang tadi,
sewaktu Kakang ditangkap."
Ratnaningrum mendengar sambil
menangis.
- Patepang deui jeung Enung.
engkang teh teu hese deui,
nyarios kasangsaraan,
jeung deui da Engkang tadi,
basa Engkang teh dicikrak."
Ratnaningrum nguping nangis,*
746. Sujud syukur kepada Yang Maha
Agung
karena sudah bertemu lagi.
"Aduh Kakang Suryaningrat,
saya juga demikian,
- Sujud syukur ka Yang Agung
sarehna geus tepang deui.
"Aduh Engkang Suryaningrat,
sim kuring nyakit deui,*

rasanya tidak akan bertemu lagi,
pikiran serasa tidak menentu.

*raos moal dewi tepang,
pikir asa selang seling.*

747. Selama menjadi Ratu,
ingatan saya seperti terbalik,
ingat kepada Engkang Den Ningrat.
Mata perih sampai lentik
karena terus melihat Kakang."
Suryaningrat terus berkata.

*Sajeroning jeneng Ratu,
pikir mah asa tibalik,
emut ke Engkang Den Ningrat.
soca rubeh geus carentik
balas ningalan Kakang."
Suryaningrat pek ngalahir.*

748. "Sudah tentu hati bingung,
dilupakan tak dapat lupa,
sakitnya,
seperti ditusuk-tusuk;
dilupakan-lupakan penyakit,
dengan Nyai Ningrum Kusumah,
hanya kenyang saling cubit."

*"Kantenan ati nguluwut,
dilali-lali teu lali,
nyerina,
ana ka suat;/129/
dilali-lali kasakit,
jeung Nyai Ningrum Kusumah,
ngan seubeuheun silih ciwit."*

749. Tersebutlah Ratnaningrum Erum,
terus menyembah kepada Ningrum
Putri,
tersenyum agak malu-malu,
Ratnaningrum lalu berkata,
"Silahkan Raja Putri,
Kakak akan ikut."

*Kocap Ratnaningrum Erum,
pek munjung ka Ningrum
Putri,
imut rada era meuseusan.
Ratnaningrum pek ngalahir,
"Raja Putri atuh mangga,
aceuk sumeja dek ngiring."*

750. Ratnawulan berhatur sembah.
"Sayalah yang akan ikut,"
terus Ratnaningrum pergi
bergandengan dengan sang putri;
di belakangnya Suryaningrat
datang ka Gedung Wangkilas.

*Ratnawulan nyembah matur,
"Kuring mangga anu ngiring,"
lajeng Ratnaningrum angkat
pakaleng-kaleng sang putri
Suryaningrat di pungkurna
ka Wangkilas Gedong sumping.*

751. Masih ada para ratu,
sama sedang bermain kartu.

*Nyondong kenah para ratu,
eukeur maen kartu sami.*

Raja Putri cepat duduk di kursi;
begitu pun dengan Ningrum,
duduk berjejer dengan Ningrat,
Para Raja melihat kaget.

*raja putri enggal linggih;
jeung Ningrum sami na korsi,
ngarendeng tilu jeung Ningra.
Para Raja kaget ningali.*

752. "Memandang ke Ratnaningrum,
berkata di dalam hati,
"Aduh ini putri baru,
sungguh cantik sekali."
Ratnaningrum lalu berkata,
"Jangan bingung melihat.

*Malencrong ka Ratnaningrum,
nyaaur sajeroning galih,
"Aduh ieu putri anyar,
alusna kawanti-wanti."
Ratnaningrum pek ngandika,
montong ewed naringali.*

753. Saya Ratu Anom Erum,
yaitu suami putri,
bernama Jaya Rukmantara.
Asalnya saya ini wanita,
sekarang balik ke asal,
saya menjadi wanita lagi.

*Kuring Ratu Anom Erum,
nya nyata caroge putri,
ngaran Jaya Rukmantara.
Asalna kuring teh istri,
ayeuna malik ka asal,
kuring jadi istri deui.*

754. Nama saya Ratnaningrum,
asal mulanya saya,
waktu di hutan berpisah,
sewaktu dengan suami saya,
sekarang sama-sama bertemu,
inilah suami saya.

*Kuring ngaran Ratnaningrum,
ari purwana simkuring,
asal di leuweung papisah,
waktu jeung salaki kuring,
ayeuna pareng papendak,
nya ieu caroge kuring.*

755. Saya sudah punya negara
di Negara Banurungsit;
sababnya minggat,
bukan saya kalah perang.
mungkin sudah takdir saya,
berpisah dengan suami.

*Kuring geus nyangking kadaton
di Negara Banurungsit,
numawi abur-aburan,
lain kuring eleh jurit,
ngan geus takdir bae awak,
papisah reujeung salaki.*

756. Sampai sekarang berada di
Negeri Erum.

Dongkap ayeuna di Erum.

Begitulah asal mulanya saya,
tetapi waktu sekarang,
karena saya menjadi wanita.
Bagaimana kehendak ayahanda,
sekarang yang memegang upeti.

*kitu purwana sim kuring,
tatapi waktu ayeuna,
sareh kuring jadi istri.
Kuma galihna jeng rama,
ayeuna nu nyepeng upeti.*

757. Kepada Negara Erum ini?"
Raja sepuh terus berkata,
"Aduh kesayangan Rama,
terpuji sekali oleh cantiknya,
Ama tidak mengira,
ternyata Raden itu wanita.

*Ka ieu Nagara Erum?"
Raja Sepuh pek ngalahir,
"Aduh nyawa Putra Ama,
kayungyun teuing ku geulis.
diri Ama hanteu nyana,
kutan nya Raden teh istri.*

758. Sungguh tidak disangka,
betapa beda sekali.
Ternyata wanita yang setia,
kepada suami lahir dan batin,
itu contoh istri yang baik,
turutilah Enung dengan baik

*Teu nyana kaliwat langkung,
mana beda-beda teuing./130/
Tegesing istri panutan,
ka salaki lahir batin,
tuh contoh istri panutan
turutan enung sing telik.*

759. Enung itu dia maru dan guru,
jangan merasa sombong diri,
sebagai putra raja haruslah
terdidik,
berpikir harus matang,
kepada maru harus mengabdikan,
kepada raja juga demikian."

*Enung eta maru guru
ulah rasa ieu aing,
putra ratu geus dipulas,*

*pikir sing kadua leutik,
ka maru masing ngaula,
ka raja pun kitu deui."*

760. Banyak lagi nasihat,
terdengar oleh para bupati.
Semuanya tercengang
dan kaget oleh Kangjeng Raja,
kalau sudah tahu dari semula,
Raja Erum itu sedang menyamar.

*Loba-lobaning piwuruk,
kadangu ku para bopati.
Carolohok sadaya,
jeung kaget ku kangjeng gusti,
lamun seug nyaho tadina,
Raja Erum teh nyangling.*

761. Barangkali dipeluk dicium,
sewaktu sedang berperang,
mengapa tidak dikira sama sekali;
yang cantik sangat terpuji,
sudah pasti suaminya,
jaya dalam perang jurit,
- Meureun dirontok dicium,
basa eukeur perang jurit,
naha bet teu nyana pisan;
nu geulis ka yungyun teuing,
geus tada teuing rakana,
digjayana perang jurit,*
762. Istrinya pun sudah begitu,
dapat menaklukan bupati.
Kita singkatkan caritera,
tersebut lagi Raja Sepuh,
terus bertanya kepada Ningrum
Putra,
"Putra Ama Raja yang menyamar.
- Cacak istrina sakitu,
bisa naklukeun bupati.
Urang gancangkeun carita,
kocap ratu sepuh deui,
pek naros ka Ningrum Putra,
"Putra Ama Raja nyangling.*
763. Sumaimu berangkat,
menguasai wilayah."
Ratnaningrum lalu menyembah,
mengikuti perintah raja,
"Sempurnakan yang membela,
perkara Putra Raja."
- Tuang raka geus jung-jung,
mangkudenda nyakrawati."
Ratnaningrum matur nyembah,
ngiring satimbangan gusti,
"Sampurna keun nu ngabelaan,
perkawisna Putra Gusti."*
764. Kemudian Raja Sepuh,
memerintahkan kepada Raden
Patih,
mengumpulkan pembesar
kerajaan,
dengan menggunakan tetabuhan,
dengan cepat yang diperintah,
sudah datang semuanya.
- Gancang bae Ratu Sepuh,
nimbalan ka Raden Patih,
ngumpulkeun para antenar,
jeung tatabeuhan sakali,
gancangna nu dipiwarang,
sadayana pada sumping.*
765. Antenar semua berkumpul,
duduk berjajar di gedung,
jaksa dan penghulu,
khalifah dan modin.
- Antenar sadaya kumpul,
di gedong hempak caralik,
penghulu kalawan jaksa,
halifah jeung modin.*

Diceritakan Raden Patih,
mengumpulkan para pemain
hiburan.

*Kocapkeun raden patih,
ngumpulkeun karasmen gending.*

766. Alat musik salendro dan gamelan,
tambur, penari, pencak suling,
dog-dog reog dan badingdong;

*Gamelan salendro kumpul
tanji, ronggeng, penca suling,
dog-dog reog jeung
badingdong,*

semuanya sudah siap,
kemudian Suryaningrat dilantik.

*sadaya enggeus tarapti,
jeung deui Suryaningrat.*

767. Setelah selesai dilantik,
berkatalah Prabu Mangkurat,
"Sekarang semuanya,
semua lapisan masyarakat,
dengarkanlah! Saya
akan memindahkan kembali
upeti.

*Barang ngalapalan ditutup,
Prabu Mangkurat ngalahir,
"Ayeuna sadayana,
anu gede anu leutik,
geura dangukeun! Kaula
dek ngalihkeun deui upeti.*

768. Yakni kepada kakaknya
Ratnaningrum,
memangku jabatan raja,
yang disebut menjabat ini,
yaitu kembali memerintah,
sedangkan menjadi raja itu,
bisa juga menguasai bangsa lain.

*Nya ka raka Ratnaningrum,
mangku denda nyakrawati,
ari basa mangku denda,
mangku nyepeng deui negri,
ari basa nyakra eta,
kajeun ngawasa bangsa lain.*

769. Pada waktu raja,
ada di dalam keraton,
dengan kedua istrinya,
sama-sama permaisuri,
Prabu Anom Suryaningrat
sekarang yang memerintahkan
negeri.

*Ari basa wati ratu,
jumeneng di jero puri,
sareng garwana teh dua,
sami ngadeg prameswari,
Prabu Anom Suryaningrat
ayeuna nu nyepeng nagri.*

770. Semuanya harus patuh,
anak-anak, orang tua, bangsawan
dan jelata;
kepada semua perintahnya,
janganlah membangkang.
Semuanya pun menyembah,
sama-sama sujud kepada gusti.
- sadayana kudu nurut,
budak kolot menak kuring;
kana satimbalanana,
ulah dek dipinding nyingkir.
Cedok nyembah sadayana,
sami sujud ka gusti.*
771. Begitu pun raja,
semuanya mendengarkan,
diterima oleh dua belah tangan,
terdengar oleh dua telinga,
disimpan di dalam hati,
semoga terus berbakti.
- Raja pun nyakitu,
sadayana pada nguping;
katampa ku dua asta,
ka kuping ku dua ceuli,
dicangreud lebeting manah,
mugi-mugi tuluy ngarabdi.*
772. Dipakainya mahkota Prabu Erum,
semuanya memberikan salam,
meriam pun dibunyikan,
begitu pun suara tambur,
tetabuhan ramai berbunyi,
suaranya bergemuruh.
- Rap makuta Prabu Erum,
rob sadaya munjung sami,
jedur meriam disada,
bureleng tambur jeung tanji,
ger tatabuan disada,
ngaguruh sora kaindit.*
773. Semua para tumenggung,
antenar, ponggawa, dan menteri,
semua telah mengucapkan selamat,
sama-sama duduk di kursi.
Diceritakan malam harinya
berpesta,
ramai sekali pestanya.
- Sadaya para tumenggung,
antenar, ponggawa, jeung mant.
Sadaya geus marunjungan,
sami lenggah dina korsi.
Catur peuting ngadeg pesta,
rame anu dangdanggenis.*

PUPUH DANGDANGGULA

774. Para tumenggung duduk berjejer,
duduk di kursi bersama raja,
- Para Tunggeung ngaberes carali
dina korsi sareng prameswara,*

semuanya akan berpesta.
 Para raja bergembira.
 bermacam-macam minuman
 tersedia,
 sirup, air manis kembang,
 bir, air kelapa, dan anggur.
 Semua ponggawa,
 tak seorang pun yang
 membangkang;
 sebagian lagi mengadakan
 permainan.

775. Ada yang main dengan dandanan
 rapih,
 ada yang menaksir diri sendiri;
 semua berpakaian gemerlap.
 Sebagian lagi ada yang bermain
 catur,
 Prabu Anom Surya Negeri
 didatangi para raja
 dan semua tumenggung;
 semuanya duduk berjejer.
 Istrinya berjejer sebagai
 permaisuri;
 begitu pun Raden Ratnawulan.

776. Semua bupati bersuka ria,
 ramai yang sedang berpesta,
 gemuruh semua orang,
 tetabuhan pun berguruh,
 ada ronggeng, ogel, pencak
 suling,
 begitu pun dog-dog dan degung.
 Bermacam-macam alat musik
 ramai sekali berpesta siang

*bade rek metak sakabeh.
 Sukan-sukan para ratu,
 inuman geus warna warni,
 sirup er manis kembang,
 bir, duwegan jeung anggur.
 Sadaya para ponggawa,
 taya nu ngabantah sahiji;
 sawareh nu permainan.*

*aya nu maen ginding,
 aya nu nilik salira,
 panganggona hurung kabeh.
 Sawareh nu maen
 catur,
 Prabu Anom Surya Nagri
 dideuheusan para raja
 kabeh para tumenggung;
 sadaya hempek ngajajar.
 Garwana teh ngarendeng
 prameswari;
 nu kitu Ade Ratnawulan.*

*Sukan-sukan sadaya bopati,
 rame nu eukeur pada pesta,
 ngaguruh jalma sakabeh,
 tatabeuhan geus ngaguruh,
 ronggeng, ogel penca suling,
 dog-dog rawuh degung,
 warna-warna tatabeuhan,
 rame pisan pesta ti beurang*

dan malam.
Diceritakan keesokan harinya.

*ti peuting.
Kacatur enggeus isukna.*

777. Setelah pesta selesai semua
pulang,
sebagian pergi ke barat dan ke
timur;
hanya semua tumenggung
yang tidak boleh pulang,
yang boleh tumenggung dari luar
negeri,
Patih Esam ke Esam,
dari Kanjung ke Kanjung,
Patih Kebar pulang ke Kebar,
Patih Kuta Beusi ke Kuta Beusi,
yang akan menunggu negara.

*Bubar pesta sadaya
marulih,
anu ngulon sawareh nu
ngetan;
ngan para tumenggung kabeh,
anu hanteu meunang wangsul,
Nu meunang ngan luar
nagari,
Patih Esam ka Esam,
ti Kanjung ka Kanjung,
Patih Kebar ka Kebar,
Patih Kuta Beusi ka Kuta Beusi,
nu bade nunggu nagara.*

778. Rajanya masih di Negeri Erum,
Prabu Kandi mempunyai
"pangaluaran,
menanti perintah sang raja,
inilah Raja Kanjung,
yang mempunyai sri manganti
sedang menunggu perintah
dari Raja Kanjung,
Jiwangkara dan Jiwantara,
Ratu Kebar dan Tumenggung
Kuta Beusi,
sudah pergi semuanya.

*Rajana masih di Erum Nagri,
Prabu Kandi nyangking
pangaluaran,
nganti sauran ti gedong,
ari ieu Raja Kanjung,
anu nyangking sri manganti
ngantosan heula timbalan
nya ti Raja Kanjung,
Jiwangkara Jiwantara,
Ratu Kebar jeung Tumenggung
Kuta Beusi,
geus pada mangkat sadaya.*

779. Diceritakan lagi Prabu Anom
Negeri,
Suryaningrat sedang di padaleman
dengan istri muda dan tua,

*Catur deui Parbu Anom
Nagri,
Suryaningrat keur di
padaleman,
jeung garwa sepuh anom,*

sedangkan Ratnaningrum,
tetap tinggal di Kaputren,
dan Ratnawulan,
di dalam Kedaton,
Waktu malam sekarang,
yang jadi pikiran Nyi Putri,

Permaisuri Ratnawulan.

*ari ieu Ratnaningrum,
tetep di Kaputraan putri,
ari ieu Ratnawulan,
di jero Kedatuan,
samangsa wengi ayeuna,
nu di anggo awitna eta Nyi
Putri,*

Prameswari Ratnawulan.

780. Siang berganti malam,
Raja Suryaningrat Sinalendra
tetap di dalam istana,
bersujud dan bersyukur kepada
Yang Agung;
sudah mendapatkan anugrah, diri,
Gusti Allah Yang Maha Pengasih
pada semua mahluknya,
tanpa dibeda-bedakannya,
memberikan rizeki kepada yang
besar dan kecil;
mengabulkan kehendak umatnya.

*Bray beurang reup peuting deui,
Suryaningrat Sinalendra,
tetep di jero kadaton,
sujud syukur ka
Yang Agung;
geus kenging anugrah, diri,
Gusti Allah nu Murah,
ka sakabeh mahluk,
henteu dibeda-beda pisan,
maparinan kanu gede kanu
leutik;
dianteur kahayang umatna.*

781. Banyak tingkah laku manusia
sewaktu di dunia.
sebagian manusia berhasil,
banyak manusia bohong dan
dengki,
sebagian yang ingin ilmu,
yang ingin berdagang dan gaya,

Sekarang kita perhatikan,
dan yang mendengarkan Ningrum,
bila melihat manusia,
tetangga atau keluarga,
jangan memaki-makinya.

*Keur di dunya rea lampah jalma.
kenging sawareh mah eta jalma,
loba jalma sulit bohong,
sawareh nu hayang elmu,
nu hayang dagang jeung
ginding.
Ayeuna urang bandungan,
jeung nu nguping Ningrum,
saupama ningal jalma,
sanak baraya atawa kulawargi,
ulah upat-upatan.*

782. Gembira sekali ketika kita gagah,
 atau yang bersifat kurang ajar,
 kita biarkan saja,
 kalau hati berkata,
 membicarakan orang yang sedih,
 kita disebutnya ngupat,
 kalau di belakang kita
 membicarakannya,
 sudah tentu tidak punya jalan,
 kita membicarakan seseorang,
 baik kebaikannya maupun
 kejelekannya.

783. Yang berbicara ini Puteri Ningrum
 bahkan Raden Sūryaningrat,
 cocok sekali mendengarkannya,
 ketika dengan istri muda,
 yang sekarang sudah ditemukan.
 Tambah malam menasihatinya,
 sudah tepat pukul sepuluh,
 kemudian Ratnaningrum pergi,
 ke Kaputren kemudian tidur
 karena waktu sudah malam,
 Ningrat tinggal di Kanoman.

784. Waktu itu ketika Jeng Gusti,
 sedang beristirahat di Serimaha
 dengan semua istri berdampingan,
 didatangi oleh Sang Prabu,
 Keempat tumenggung berbaris,
 kemudian Siti Ningrum
 bicara kepada Sang Prabu;
 begini ucapan Raja Putri,
 Kakanda Prabu Suryaningrat

*Dumeh atoh urang keur ginding,
 atawa anu cirigih tea,
 urang kudu kajeun bae,
 saupami lisan kalbu,
 ngomongkeun jalmi nu sedih,
 urang teh kasebut ngupat,
 lamun di tukangeun nyaur,
 geus puguh taya jalan,
 ku urang teh ngupat ka hiji
 jalmi,
 boh hadena boh gorengna.*

*Nu nyarios ieu Puteri Ningrum,
 samalahan Raden Suryaningrat,
 ngupingkeun teh mani cocok,
 boh mangsa waktu jeung maru,
 nu ayeuna geus kapanggih.
 Beuki peuting wuwurukna,
 geus neng pukul sapuluh,
 Ratnaningrum lajeng angkat,
 ka Kaputren pek kulem wantu
 geus peuting,
 Ningrat kantun di Kanoman.*

*Dina mangsa harita Jeng Gusti,
 eukeur lenggah di Serimaha,
 jeung garwa kabeh ngarendeng,
 dideuheusan ku Sang Prabu,
 tumenggung opat ngabaris,
 kocap Siti Ningrum tea,
 matur ka sang parbu;
 lahir raja putri tea,
 "Raka Prabu Suryaningrat*

Nagara,
saya telah bermimpi

Nagari,
sim kuring gaduh impian

785. Pada pukul sebelas malam,
bermimpi kedatangan kanjeng
eyang,
kemudian berbicara padaku.
Eyang memberikan petunjuk,
ketika Kakanda berperang
di Negara Banurungsit,
membidikan senjata ampuh,
panah hilang Kakanda kalah.
Menurut petunjuk padaku
adanya
panah itu
di Nusantara.

kira-kira pukul sebelas peuting.
ngimpen sumping kangjeng
eyang,
ka abdi lajeng nyarios.
Eyang teh mere pituduh,
enggang waktu perang jurit
di Banurungsit Nagara,
mentangkeun senjata ampuh,
panah leungit Enggang kalah.
Ari piayaeunana ceuk pituduh
ka sim kuring
panah teh di /134/
Nusantara.

786. Sudah pasti di sana jatuhnya,
dalam Taman Nusantara,
tapi sudah ada yang mengambil,
oleh Raja Nusantara
bernama Ratu Jambawati,
wanita yang jadi raja,
begitulah menurut petunjuk.
Cepat susul oleh Sang Putri,
pedang itu pusaka negara,
sekarang cepat pelihara.

Di dinya ragrag na teh yakin,
dina Taman Nusantara,
tapi geus aya nu nyokot,
ku Raja Nusantara
wasta Ratu Jambawati,
istri anu jadi raja,
ceuk pituduh kitu.
Ku Nyai geura susulan,
eta pedang jimat nagari,
ayeuna geura rawatan.

787. Itulah yang dapat didengar oleh saya,
bagaimana sekarang hati Kanda?"

Tah sakitu anu ka kuping ku abdi,
na kumaha ayeuna manah kang
Raka?"

Terdengar oleh Prabu Anom,
gembira sekali Enden Ratu,
"Kakanda bersyukur pada Tuhan.
Marilah kita cari sekarang,

Kadangu ku Prabu Anom,
bagja temen Nyai Ratu,
"Enggang syukur ka Yang Widi.
Ayeuna urang teangan,

pedang isi hati,
dan bersyukur *alhamdulillah*,
kakanda takut sekali,
ditinggalkan oleh panah andalan."

*pedang galih kalbu,
nya syukur alhamdulillah,
engkang keueung liwat saking,
katilar pinucung panah."*

PUPUH PUCUNG

788. Secepatnya Prabu Anom Erum
berkata,
pada Ningrum Kusumah,
"Istri Kakanda yang cantik,
marilah sekarang kita pelihara!

*Enggal bae Prabu Anom Erum
nyaur,
ka Ningrum Kusumah,
"Nyai Engkang anu denok,
cing atuh ayeuna kurang
rawatan!"*

798. Kita pergi semua dari Erum,

dan berapa lama perjalanan,
siapa yang sudah hapal,
yang tahu ke Negara Nusantara?"

*Urang budal ayeuna kabeh ti
Erum,
jeung sabaraha lampahna,
saha anu geus waspaos,
nu uninga ka Nagara
Nusantara?"*

790. Kemudian raja Kanjung
menyembah,
memberitahukan bahwa dia tahu,
"Tuanku Prabu Anom,
saya sudah tahu ke Nusantara.

*Cedok nyembah eta hiji raja
Kanjung,
nguninga ka uninga,
"Kaula nun Prabu Anom,
abdi nu geus terang teh ka
Nusantara.*

791. Kalau ingin melakukan perjalanan
ke laut,
lamanya perjalanan sebulan.
Kalau melakukan jalan darat,
tiga bulan lamanya di jalan."

*Lamun bade ngersakeun jalan
laut,
lampahna eta sabulan.
Mun ngersakeun daratan teh,
tilu bulan lalampahan di
jalan."*

792. Kemudian Ratnaningrum
menghormat
dan memberitahukan,
"Bagaimana Kakanda?
Apakah kakanda menginginkan,
teliti dulu ke Negara Nusantara.
- Cedok nyembah Ratnaningrum
unjuk hatur,
"Kaula nun Engkang?
Mendak luntur manah Engkang
teh,
sidikeun heula ka Nagara
Nusantara.*
793. Tetap saja Prabu Anom ingin
pergi,
"Nyai lebih baik pergi semuanya.
kalau diselidiki dulu berabe
dan juga ingin tahu Negeri
Nusantara.
- Keukeuh bae Prabu Anom geus
palay jung,
"Nyai mending budal sadayana.
sidikeun bisina kagok
reujeung hayang nyaho Negri
Nusantara.*
794. Seolah-olah tamasya ke laut."

Ningrum hanya mengikuti,
dan setia hatinya
sambil permissi di hadapan
Kangjeng Raja.
- Itung-itung urang pelesir ka
laut."
Ningrum hatur mangga,
jeung binangkit manahna teh
bari mundur ti payuneun
Kangjeng Raja.*
795. Kemudian pergi ke gedung,
sambil memanggil Raja
Kanjung,
yang dengan cepat menghadap,
kepada Ratnaningrum di gedung.
Ratnaningrum memanggil Raja
Talkenda,
- Pek ka gedong,
bari nyaur Raja Kanjung/135/

gancang ngadeuheusan,
ka Ratnaningrum di gedong.
Ratnaningrum nyaur ka Raja
Talkenda,*
796. "Eh Raja Kanjung, sekarang
berangkatlah!
Selidiki lebih dulu!
Perhatikan yang teliti,
- "Eh ayeuna kudu angkat raja
Kanjung!
Ti heula ieran!
Sidikeun masingna awas,*

jangan sampai perjalanan kita
sia-sia."

*ulah gaplah sapadaning urang
leumpang."*

797. Sambil bersujud, Raja
Kanjung mengemban perintah,
sudah berdandan dan siap
membawa dua puluh lima orang
serdadu.

*Hatur mangga Raja Kanjung
nyembah matur,
dandan geus sadia
serdadu nyandak salawe.*

Pengiringnya sudah berangkat
dari negara.

*Pengiringna enggeus jengkar ti
nagara.*

798. Singkat cerita,

inilah sang Talkenda,
sudah datang di pelabuhan,
naik kapal kemudian berlayar.

*Enggal bae carita digurung-
gusuh,
ieu sang Talkenda,
kana Palabuhan geus jol,
nitih kapal enggeus semprung
beber layar.*

799. Hentikan dulu cerita Raja Kanjung
di laut,
kemudian Suryaningrat,
dengan Ningrum Kusumah
sudah siap akan berangkat ke
Nusantara.

*Tunda heula Raja Kanjung keur
di laut,
kocap Suryaningrat,
sareng Ningrum Kusumah teh
geus sadia rek angkat ka
Nusantara.*

800. Ratnaningrum memerintah pada
Patih Erum,
"Paman cepatlah dandan!
Kumpulkan semua pasukan!"
Setelah patih Erum menghormat,
lalu pergi mengemban perintah.

*Ratnaningrum nimbalan ka
patih Erum,
"Mamang geura dangdan!
Balad kumpulkeun sakabeh!"
Cedok nyembah patih Erum,
hatur mangga.*

801. Kemudian pergi dari hadapan
sang prabu,

*Tuluy mundur ti payuneun
kanjeng prabu,*

datang ke balai pertemuan,
memukulkan gong di balai
pertemuan.

Raden Patih mengumpulkan
pasukannya.

*sumping ka paseban,
di paseban nakol bende.*

*Raden Patih ngumpulkeun
wadya balad.*

802. Setelah pasukan berkumpul
di alun-alun,
semuanya sudah beres;
semuanya memakai kuda dan
gajah.
semua kalangannya sudah
bersedia.

*enggeus kumpul serdadu
di alun-alun,
geus cakep sadaya;
kuda gajah bigal kabeh;*

*sadayana menak kuring geus
sadia.*

803. Yang akan mengikuti Prabu Anom
Erum,
patih pun menghadap
ke hadapan Prabu Anom,
"Betul semuanya sudah siap?"
Suryaningrat bertanya kepada
Raden Patih.

*Anu bade ngiring Prabu Anom
Erum,
patih ngadeuheusan,
kapayuneun Prabu Anom,
sumuhun sadia kabeh,
Suryaningrat ngalahir ka
raden patya.*

804. "Sudah siap pasukannya paman
patih?"
Kemudian paman patih
menghormat,
"Betul semuanya sudah siap?"
Semuanya menanti-nanti sang
raja,

*Geus sadia mamang patih
sardadu,
patih cedok nyembah,*

*"Sumuhun sadia kabeh?"
Sadayana ngantos-ngantos ka
ka gamparan,*

805. Tersebut yang datang lagi Raja
Tua,
kemudian bertanya pada anaknya,
"Anakku Prabu Anom,

*Kocap deui anu sumping Raja
Sepuh,
pek mariksa ka putrana,
"Putra Ama Prabu Anom,*

sekarang ini mau pergi ke mana?" *ayeuna teh rek ngersakeun ka mana?"*

806. Suryaningrat menjawab pada Raja Tua,
"Betul Ramanda,
saya akan pergi;
bila jadi akan pergi ke Negeri Nusantara.
- Suryaningrat ngawalon ka Raja Sepuh,
"Kaula nun Kangjeng Rama,
nun bade seja abdi teh;
lamun pareng dek ka nagri Nusantara.*
807. Saya selalu ingat pada masa lalu,
saya kehilangan panah
pusaka keturunan kerajaan,
karena kehendak Allah panah
itu sekarang.
- Langkung-langkung sim abdi emut ka kapungkur,
abdi leungit panah turunan jimat karaton,
bet anyeuna panah teh kersaning Allah.*
808. Tadi malam ada petunjuk pada Ananda;
panah itu berada
di negeri Nusantara;
hanya itulah ingatan saya
tentang panah."
- Wengi tadi ka Putra aya pituduh;
ayana teh eta panah,
di nagri Nusantara;
ngan sakitu abdi emut kana panah."*
809. Raja Tua kemudian bicara pada Raja Muda,
"Aduh Anakku,
asal waspada saja.
Bapa hanya bisa mendoakan
semoga selamat di perjalanan.
- Raja Sepuh ka Prabu Anom pek nyaur,
"Aduh Putra Ama,
atuh sing iatna bae.
Kersa Ama ngan sambung doa d jalan.*
810. Malam hari perjalanan akan di laksanakan;
di darat dan di laut,
- Wengi-wengi lalampahan masing lulus;
di cai di darat,*

semoga semua pasukan,
tak ada bahaya dan kesulitan.

*ka balad-balad sekabeh,
ulah aya pancabahaya ka
rupetan.*

811. Putramu juga akan ikut,
yaitu Ratnawulan."
Prabu Anom kemudian menjawab,
"Bagaimana tentang Ananda?"

*Sareng deui tuang putra bade
milu,
eta Rai Ratnawulan.
Prabu Anom pek ngawalon,
"Kaula nun ieu perkawis Kang
Putra.*

812. Hanya seorang saja yang akan
dibawa oleh saya,
yaitu Ningrum Kusumah,
karena Ratnawulan sedang hamil,
oleh saya tak akan dibawa
sekarang.

*Ngan sahiji ku abdi bae di
bantuan,
pun Ningrum Kusumah,
Ratnawulan mah keur bobot,
ku abdi teh moal dibantun
ayeuna.*

813. Ratnawulan kemudian bicara
pada Kakanda Prabu,
"Saya hanya mendoakan,
semoga Tuhan yang Maha Melihat
memberikan keselamatan kepada
semua yang berangkat.

*Ratnawulan pok matur ka Raka
Prabu,
kuring sambung doa,
mugi-mugi ka Yang Manon,
sing wilujeng sadaya anu
angkat."*

814. Singkat cerita;
semuanya sudah pergi,
gemuruh suara pasukan;
semuanya naik kapal di pelabuhan

*Gancang bae carita digurung
gusuh;
sadaya enggeus budal,
ngaguruh balad sakabeh;
di palabuhan parahu kapal
sadaya.*

815. Setelah semuanya menaiki perahu,
bersama semua para raja.

*Enggal bae sadaya geus ka
parahu,
sadayana para raja*

Layarna sudah terpasang rapih,
Ratu Sepuh menyaksikan di
pelabuhan.

*Layarna dipasang beres,
Ratu Sepuh numutkeun di
pelabuhan.*

816. Semua para sepuh membaca doa.
Setelah tamat berdoa,
layarnya sudah berkibar,
ramai yang mengayuh dayung
di pinggir lautan.

*Maca doa sadayana para sepuh
Barang geus tamat du'ana,
layarna enggeus dibeber,
riah anu ngadayung
sisi lautan.*

817. Kapal maju diterpa angin timur.
Sang Prabu Mangkurat cepat
pulang ke kerajaan;
semua penjaga keraton pada
pulang.

*Kapal maju hiliwir angin timur.
Sang Prabu Mangkurat enggai
mulih ka karaton;
sadayana juru demung ka
nagara.*

PUPUH JURUDEMUNG

818. Hentikan dulu yang sedang
pergi ke negara,
menceritakan lagi Ratnaningrum,
dengan Prabu Anom Erum,
sedang berlayar di tengah
lautan;
kapalnya cepat sekali.

*Sinigeug anu ka nagara,
kocap deui Ratnaningrum,
sareng Prabu Anom Erum,
keur layar tengah lautan
kapal gancang kalangkung.*

819. Semua pasukan sedang sibuk,
tumenggung, ponggawa, menteri,
semua berguruh di kapal.
Semuanya bergembira ria,
mempertunjukkan kesenian.

*Wadya balad geus pabuis,
tumenggung ponggawa menteri
di kapal kabeh ngaguruh.
Sukan-sukan sadayana,
permainan juru demung.*

820. Kapal majunya semakin cepat,
seperti kuda berlari cepat.

*Kapal maju langkung gancang,
kawas kuda congklang rusuh.*

Perginya menuju arah selatan,
bercampur suara ombak,
menggelegar barat dan timur.

*mener majuna ka kidul,
oar jeung sawara lambak,
tinggeleger kulon kidul.*

821. Siang malam memasang meja,
bergembira ria di tengah lautan.
Prabu Anom dan para tumenggung,
minuman pun bermacam-macam,
sirop ermanis dan anggur,

*beurang peuting masang meja,
sukan-sukan tengah laut.
Prabu Anom jeung para
tumenggung,
inuman geus warna-warna,
sirop ermanis jeung anggur.*

822. Siang malam di lautan.
Singkat cerita;
sekarang yang jadi tujuan,
cerita perjalanannya di laut,
Suryaningrat Ratnaningrum.

*Beurang peuting di lautan.
Gancang na anu dicatur;
ayeuna nu dipimaksud,
kocap lampah di laut,
Suryaningrat Ratnaningrum.*

823. Tak diceritakan lamanya,
walaupun jauh pastilah datang.
Kapal paling depan sudah sampai,
layarnya sudah dilipat,
di lautan sudah membuang
jangkar,

*Teu carios lamina,
jauh ge tanwande cunduk.
Di payun kapal geus jebul,
layarna geus digulungan,
geus buang jangkar di lautan.*

824. Prabu Anom dengan pasukannya,
Ratnaningrum dan tumenggung,
mariem pun ditembakkan meledak,
memberi tanda bahwa semuanya
sudah naik ke daratan,
ke pelabuhan Nusantara.

*prabu anom sareng balad,
Ratnaningrum jeung
tumenggung,
mariem diseungeut jegur,
nandakeun kabeh geus hanjat,
ka palabuhan Nusantara.*

825. Simpan dulu Suryaningrat,
dengan Raden Siti Ningrum,
para tumenggung, dan prajurit,

*Tunda heula Suryaningrat,
sareng raden Siti Ningrum,
pertumenggung jeung serdadu,*

yang sedang berada di pelabuhan.
Selanjutnya Ratnaningrum.

*nu aya di pelabuhan.
Kocap deui Ratnaningrum.*

826. Yang disuruh di depan,
sang Talkenda dari Negeri
Kanjung,
sudah datang ke Nusantara,
diiring pasukannya,
berangkat ke alun-alun

*Nu dipiwarang ti heula,
sang Talkenda Nagri
Kanjung,
geus sumping ka Nusantara,
diiring wadya balad,
angkat dina alun-alun*

827. langsung menuju istana.
Setelah bertemu dengan Raja Putri,
yang menghadap pun berkumpul.
Laporan pada sang penguasa,
tumenggung dan juru bahasa.

*tuluy bae ka paseban.
Geus kosondong Putri Ratu,
nu ngadeuheusan ngariung.
Maseban di seri maha,
juru basa jeung tumenggung.*

828. Yang pergi menghadap raja,
didampingi Raden Patih Darus,
kemudian Raja Kanjung;
dengan terbungkuk-bungkuk
menghadap raja.
Putri Anom tersenyum
melihatnya.

*Nu ngadeuheusan ka raja,
sareng Raden Patih Darus,
kocap ieu Raja Kanjung;
sempoyong marek ka raja.*

Putri Anom ningal imut.

PUPUH SINOM

829. Raja Putri kemudian bertanya,
"Tamudari manakah gagah nian,
rupa seperti prajurit nagara,
tak disangka baru bertemu,
silakan duduk di depan!"
Raja Kanjung memegang
tangan,
menjawab pertanyaan sang raja,

*Raja putri pek mariksa,
"Tatamu ti mana ginding,
pasemon yuda nagara,
teu nyana anyar pinanggih,
sumangga ka payun linggih!"
Nangkeup tangan raja kanjung,
dawuh pariksa gamparan,*

"Sang Putri pun lebih tahu,
betul sekali bahwa saya
pengembara

*"Langkung uninga Sang Putri.
leres pisan abdi nama paliwara*

830. dari kerajaan negara Kanjung.
Nama saya Sang Talkenda.
saya sedang menjalankan tugas.
Pekerjaan yang pantas buat saya,
membawa kebesaran sang gusti,
perintah dari Raja Negeri Erum."
Raja Putri sangat terkejut,
"Coba silahkan duduk di kursi,
jangan duduk di bawah karena
tak pantas!
831. Silahkan duduk di kursi goyang!"
Sang Talkenda kemudian duduk
berdampingan dengan sang raja.
Kemudian raja bicara lagi,
yakni pasti kepada Sang Talkenda,
"Sekarang tamu dipersilahkan
untuk cepat berbicara sejujurnya,
mengapa datang ke negeri saya,
ada apa dan ada maksud apa? .
832. Prabu Talkenda menjawab,
"Aduh hai Raja Putri yang ayu,
yang memegang kerajaan
Nusantara,
awalnya saya menghadap,
memegang kebesaran Sang Raja,
Prabu Anom Negeri Erum,
yang berkuasa Suryaningrat.
Hatinya sedang memerlukan

*karaton nagri Kanjung,
Sang Talkenda wasta kuring.
kuring eukeur ngalakon.
Gawe nu pantes ka kuring,
ngabantun komara gusti,
timbangan raja ti Erum."
Raja Putri kaget pisan,
"Atuh mangga kana korsi,
ulah linggih di hadap teu
pantes pisan!*

*Mangga kana kursi goyang!"
sang talkenda lajeng linggih,
ngarendeng jeung para raja,
raja pek ngalahir deui,
nyaeta ka sang talkenda,
"Mangga ayeuna tatamu,
geura nyarios anu enya,
numawi sumping ka kuring,
kersa naon mun maksud naon
nya nyandak?"*

*Prabu talkenda ngandika,
aduh ayu raja putri,
nu ngageugeuh Nusantara,
purwa merek jisim kuring,
ngagemgem komara gusti,
prabu anom nagri Erum,
sari maha Suryaningrat.
Langkung peryogi pangalih,*

pertolongan,
karena kehilangan panah di medan
perang.

*ilang panah katambias tina
medan.*

833. Ketika sedang berperang
kehilangan pusaka negara.
Sekarang sedang bingung,
Ketika suatu malam,
ada petunjuk pada raja,
di dalam petunjuk itu,
panahnya berada di Nusantara,
ada dalam hati gusti,
itulah petunjuk yang datang
pada sang raja.

*Kala waktu perang jaya
katilar ku jimat nagri.
Ayeuna keur peteng manah.
Ari dina mangsa wengi,
aya pituduh ka gusti,
dina salebet pituduh,
panah teh di Nusantara,
ayana dina jiwana gusti,
eta kitu pituduh ka kangjeng
raja.*

834. Kemudian memerintahkan saya,
menanyakan tempat gusti.
"Begitulah awalnya
sebab saya menghadap.
Barangkali benar,
panah itu berada pada ratu
yang ayu."
Tersenyum simpul Sang
Jambawati
dengan suara yang manis
menjawab,
"Aduh buset bertemu yang
karandan.

*nya miwarang abdi pisan,
nyidikin ka linggih gusti.
Nya kitu pisan purwana,
numawi marek sim abdi.
Sugan bae enya yakin,
yen panah di ayu."*

mesem imut Sang Jambawati,

ngalahir gentrana manis,

*Aduh buset pinanggih nung-
gang karandan.*

835. Tamu saya Sang Talkenda,
Raja Erum nagri itu.
Siapa yang mempunyai anak,
menurut orang negeri Erum?"
Raja Talkenda menjawab,
"Sudah pasti bukan orang Erum,

*Mas tatamu sang Talkenda,
eta Raja Erum nagri.
Saha nu kagungan putra,
teges urang Erum nagri?"
Raja Talkenda ngalahir,
"Teges lain urang Erum,*

sedangkan yang mempunyai anak,
menurut cerita dari Negara
Banurungsit."

Suryanagari patihnya Salaya
negara.

*ari nu kagungan putra,
carios di Banurungsit."*

*Suryanagari patihna Salaya
nagara.*

836. Tersenyum simpul Sang Ratu
Jambawati,
"Kalau begitu saya mengerti;
barangkali dia berada di Rukman,
dijadikan menantu oleh Sang
Raja."

Raja Talkenda menjawab,
"Betul sekali."
sang Jambawati bicara lagi,
"Sekarang Raja Talkenda,
benar sekali bahwa panah itu
ada pada saya.

Mesem Sang Ratu Jambawati,

*"Leres kitu mah geus kaharti;
meureun pang aya di Rukman,
dipulung mantu Sang Aji."*

*raja Talkenda ngalahir,
"Leres pisan kaulanun!"
Ngalahir deui Jambawati,
"Ayeuna Raja Talkenda,
enya pisan panah teh aya di
kula.*

837. Ditemukan di taman bunga.
Silakan cepat lihat.
secepatnya diambil Sang Raja,
Dilihat oleh Talkenda,
benar dan ada tanda berbunyi.
"Panah bernama Cinde Marut,
kepunyaan Suryanagara,
pusaka negeri Banurungsit,
milik Salya Nagara dan Surya
Nagara."

*Timu tina kebon kembang.
Geura sumangga tinggali,
enggal ku Raja dicandak,
Ku Talkenda ditinggali,
bener jeung aya cap uni,
"Nami panah Cinde Marut,
kagungan Suryanagara,
jimat nagri Banurungsit,
nu kagungan Salya jeung Surya
Nagara."*

838. Raja Putri kemudian menjawab,
"Wahai kakanda Raja Talkenda,
bagaimana sekarang ini?
Tentang senjata yang hilang,
sekarang ada padaku,

*Raja Putri pek nimbalan,
"Eh raka raja Talkenda,
kumaha ari ayeuna?
Perkawis senjata leungit,
ayeuna ieu ku kuring,*

apakah akan dipinta?"

Raja Talkenda menjawab,
"Yang mulia Raja Putri,
betul sekali dipinta sekarang
ini."

kumaha arek dipundut?"

*Raja Talkenda ngandika,
"Kaula nun Raja Putri,
leres pisan disuhunkeun ayeuna
mah."*

839. Raja putri menjawab,
"Wahai Talkenda Raja Kanjung,
perkara panah ini
tidak akan diberikan
karena telah menjadi milik saya;
walau ditebus oleh ribuan uang,
tak akan saya berikan.
katakan kepada Prabu Rumti,
daripada diberikan lebih
lebih baik mati di medan perang.

*Raja putri pek ngandika,
"Eh Prabu Kanjung Talkenda,
perkawis ieu teh panah
moal kasanggakeun teuing
enggeus pasti milik kuring;
najan ditebus ku ribu,
moal disanggakeun pisan.
Haturkeun ka Prabu Rumti,
jeung mikeun mah suka paeh
perang jaya.*

840. katakan kepada Raja Ningrat,
lebih baik mati berperang,
daripada memberikan senjata
panah;
lebih baik bermandi darah.
Aku mempertaruhkan diri,
siapa yang berjaya,
mengalahkan kedigjayaanmu,
itulah calon suamiku,
cobalah sambut tantangan ini!"

*Haturkeun ka Raja Ningrat,
anggur suka paeh jurit,
jeung mikeun senjatana panah,
leuwih hade mandi geutih.
Jeung kula narohkeun diri,
saha nu digjaya pupuh,
ngelehkeun jajaten kula,
nyaeta teges salaki,
coba bae ngadegkeun balabar
awak!"*

